

Plis, Mwens, Menm

Jwè 2 oswa 4

Laj 3+


5-10 min

OBJEKTIF


Timoun yo chak pran you pa yo pou woule yon zo epi jwenn kat ki gen plis, mwens, oswa menm kantite ak chif ki sou zo a.

KAT POU UTILIZE

De seri kat pwen 0-6:



Zo
0-6




10 ankadreman
0-6


Yon zo




Pou jwèt pita: chwazi konfigirasyon pwen ki pi difisil:



Pwen an lòd
0-6




Pwen gaye
0-6



Sèk
0-6

Defi ki pi difisil



Chwazi kat ki pi wo
7-10

VOKABILÈ

Plis

Mwens

Menm

KESYON

Poukisa ou te chwazi kat sa a?

Konbyen an plis?


Konbyen an mwens?

KÒMAN POU JWE

1. Chwazi epi melanje kat yo.



2. Mete kat yo fas anlè sou tab la.



Premye jwè a woule zo a, epi si yo ka jwenn yon kat ki **plis** pase sa yo woule a, yo pran kat sa a.



Pwochen jwè a woule zo a, epi si yo ka jwenn yon kat ki **mwens** pase sa yo woule a, yo pran kat sa a.



Aprè sa a, pwochen jwè a woule zo a, epi si yo ka jwenn yon kat ki **menm** ak sa yo woule a, yo pran kat sa a.



Jwè k ap vini a, woule pou plis ankò, epi jwè yo kontinye chanje pou **plis, mwens, menm, plis, mwens, menm**, jiskaske tout kat yo ale.

3. Si pa gen kat pou pran ankò lè se tou yon jwè pou woule zo a, jwè a p ap pran yon kat nan tou sa a.
4. Nan fen jwèt la, ou ka konte kat ki nan pil chak jwè yo epi wè ki jwè ki te resevwa plis, ki te resevwa mwens, epi si nenpòt jwè te resevwa menm kantite a!
5. *Varyasyon:* Si timoun yo pare, ou ka jwe ke lè ou woule zo a, yon jwè ka chwazi pran nenpòt kat ki swa **youn an plis** oswa **youn an mwens** pase zo a. Pa egzanp, si woulo a se yon 3, jwè a ka deside pran yon kat 2 oswa yon kat 4.



KONSÈY POU JWE

- Si w gen 3 jwè sèlman, chanje lòd timoun yo pran chak tou oswa chak jwèt pou yo pa toujou jwenn menm mo konparezon.
- Pou plis defi, ou ka jwe ke lè ou woule zo a, yon jwè ka pran **nenpòt kat** sa vle di an plis oswa an **mwens** pase woulo a, men yo dwe di **konbyen an plis** oswa **konbyen an mwens** pou yo ka pran kat la. Pa egzanp, si woulo a se yon 2, jwè a ka pran yon 6 men li dwe di, “4 an plis” oswa “6 se 4 an plis 2” anvan li pran kat la.
- Genyen tou anpil fason pou jwe jwèt sa a san itilize zo. Ou ta ka di nimewo yo byen fò, sa ki ede timoun yo konekte non nimewo yo ak kantite pwen yo. Ou ta ka sèvi ak yon seri nimewo oswa trase kat nimerik 1-6 yon kat alafwa, pou ede timoun yo konekte chif yo ak kantite yo.
- Ou ka fè jwèt sa a pi difisil lè w ajoute kat pwen ki pi gwo ak kat ki gen konfigirasyon pwen ki pi difisil pou rekonèt imedyatman, oswa bay apwoksimatif la. Ou ka itilize plizyè zo tou pou timoun yo oblije ajoute nimewo yo sou zo yo anvan yo jwenn kat ki gen plis, mwens oswa menm kantite a.

KISA TIMOUN YO AP APRANN

- Nan jwèt sa a, timoun yo ap pratike byen vit rekonèt ak konpare kantite.
- Lè timoun yo kòmanse chèche kat ki gen **youn anplis** oswa **youn an mwens**, y ap aprann sekans nimewo yo ni annavan ni an bak.
- Si timoun yo jwe vèsyon ki pi difisil nan jwèt sa a, di **konbyen an plis** oswa **konbyen an mwens**, ap devlope kapasite yo bonè nan adisyon ak soustraksyon. Sa a se yon etap enpòtan pou yo pratike anvan yo prezante yo matematik ekri tankou $4-1 = 3$.
- Timoun yo ap pratike yon konpetans mantal enpòtan tou ki rele fleksibilite koyitif, oswa panse fleksib, lè yo chanje ant plis, mwens, ak menm.

SIJÈ MATEMATIK

Nimewo: Konte ak Kadinalite

VIDEYO



Gade Videyo Jwèt

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèlijan w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade videyo ki montre koman pou jwe *Plis, Mwens, Menm*.